

Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN PWEN YO KI NAN BIDJÈ KI ADOPTE POU ANE FISKAL 2020 POU REJYON LWÈS NEW YORK LAN**

***Fè Limit Enpo Lokatif yo Vin Pèmanan - limit sou Enpo a Pral Ekonomize Abitan Rejyon Lwès New York yo 7 Milya Dola sou 10 Pwochèn Ane yo***

***Limite Depans yo a 2% epi Redwi Enpo yo pou Klas Mwayèn nan - Dezyèm Ane Rediksyon Fiskal yo Pral Ekonomize Abitan Rejyon Lwès New York yo yon 292 Dola An Mwayèn***

***Li Dedike 58.6 Milyon Dola pou Finanse Amelyorasyon yo pou NFTA***

***Gouvènè a Nonmen Panelis Ki Responsab pou Revize Soumisyon nan Konpetisyon Koridò Skyway Buffalo a - Ou Ka Enfòme Pi Plis [La a](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran pwen nan Bidjè Ane Fiskal 2020 an. Bidjè a, ki ap ajoute sou Kalandriye Jistis 2019 Gouvènè a, ap bay pwovizyon konplè pou asire jistis ekonomik ak sosyal pou tout moun, pwoteje moun New York yo kont destwiksyon ak atak kontinyèl federal Washington ap fè sou klas mwayèn nan, ogmante finansman pou edikasyon, refòme sistèm jistis kriminel eta a, sipòte angajman aktyèl New York la pou yon kalandriye fanm ki djanm, epi priyorize investisman nan pwojè enfrastruktir krisyal yo pou reponn a bezwen 21yèm syèk New York yo. Pou nevyèm ane konsekitif la, Bidjè a ekilibre epi li kenbe kwasans depans yo a 2%.

"Nan kad bidjè ane sa a, nou te vle kalandriye ki pi agresif pou Rejyon Lwès New York depi toutan, epi sa se egzakteman sa ke nou te fè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Plan sa a ap ajoute sou pwogrè ak dinamis ke nou te kreye toupatou nan Rejyon Lwès New York. Tout flèch yo finalman dirije nan bòn direksyon an. Popilasyon an konnen ke sa se yon Buffalo ki diferan, ke se yon klima ekonomik ki diferan ke jan li te janm ye epi plan sa a pral alimante flanm renesans Buffalo."

**Gran Pwen ki nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an:**

- Depans nan Fon pou Fonksyonman Eta a yo se 102.1 milya dola pou nevyèm ane konsekitif, sa ki kenbe kwasans yo a 2% (Fon pou Fonksyonman Eta a ekskli fon ak kapital Federal yo)
- Tout depans Fon yo rive 175.5 milya dola pou Ane Fiskal 2020 an
- Fè limit enpo lokatif 2% an vin pèmanan, ki ap ajoute sou 25 milya dola anviwon sou ekonomi kontribiyab yo depi lè yo te mete li sou pye an 2012

- Ogmante asistans eskolè de plis pase 1 milya dola, sa ki ap pote asistans eskolè total yo rive nan yon nivo rekò 27 milya dola
- Reyalize refòm Jistis Kriminèl yo apati eliminasyon kosyon ak lajan kach yo pou deli minè ak enfraksyon ki pa vyolan yo, sa ki ap garanti dwa a yon pwosè akselere, ak transfòmasyon pwosesis dekouvèt la
- Ajoute sou angajman san presedan Gouvènè a pou investi 150 milya dola nan pwojè enfrastrikti yo sou senk pwochè ane yo, ki jenere 675,000 pòs travay
- Kodifye pwovizyon ki nan Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act)
- Entèdi sachè plastik ki pou yon sèl itilizasyon yo
- Lanse pwogram resiklaj dechè alimantè
- Etann pwoteksyon Janus la rive nan tout gouvènamn lokal yo epi garanti dwa pou yo òganize epi negosye yon fason kolektif
- Ajoute sou refòm vòt ki te adopte nan 10 premye semèn sesyon lejislatif la
- Investi yon 500 milyon dola adisyonèl nan ensfrastikti dlo pwòp yo, sa ki ap ogmante investisman istotik Eta a rive 3 milya dola

### **Gran Pwen nan Investisman Estratejik Ki Ap Benefisye Rejyon Lwès New York yo gen ladan:**

- Limit enpo lokatif pèmanan an pral ekonomize abitan Rejyon Lwès New York yo 7 milya dola sou 10 pwochè ane yo
- Rediksyon fiskal pou klas mwayèn nan pral ekonomize abitan Rejyon Lwès New York yo yon 292 dola an mwayèn
- 58.6 milyon dola nan finansman pou NFTA
- 50 milyon dola pou revitalize Bò Lès Buffalo a
- 175,000 dola nan finansman prim pou venkè konpetisyon yo pou reyelabore Koridò Skyway lan
- 35.2 milyon dola pou mentni epi modènize etablisman SUNY yo
- 10 milyon dola pou abòde kriz ewoyin ak opyase a

### **JISTIS EKONOMIK**

**Fè Limit Enpo Lokatif Ki Gen Anpil Reyisit la Vin Pèmanan:** Ak adopsyon pwojè lwa istorik sa a, enklizyon limit sou enpo lokatif 2% ki pèmanan an nan Bidjè pou Ane Fiskal 2020 an pral ajoute sou 25 milya dola anvivon nan lajan ekonomi kontribiyab yo depi lè Gouvènè a te mete limit lan sou pye an 2012. Nan Rejyon Lwès New York kontribiyab tipik lan pral ekonomize sou 10 pwochè ane yo:

- Konte Allegany: 7,853 dola
- Konte Cattaraugus: 8,605 dola
- Konte Chautauqua: 7,562 dola
- Konte Erie: 11,796 dola
- Konte Niagara: 11,079 dola

**Kontinye ak Miz An Aplikasyon Rediksyon Enpo pou Klas Mwayèn nan:** Bidjè a sipòte miz an aplikasyon rediksyon enpo klas mwayèn yo. Sou refòm sa yo, to yo pral

kontinye bese rive 5.5% ak 6% lè yo fin mete rediksyon an plas konplètman - yon rediksyon jiska 20% nan to enpo revni pou klas mwayèn nan - epi pwodwi yon 4.2 milya dola ke yo prevwa nan ekonomi anyèl yo pou sis milyon aplikan jjiska 2025. Pandan nouvo to yo ap antre an vigè, yo pral vin to pou enpo ki pi ba pou klas mwayèn lan nan Eta a nan plis pase 70 ane.

### ***Konstwi Enfrastrikti 21èm Syèk***

**Amelyorasyon nan Wout ak Pon yo:** Nan kad plan Kapital 100 milya dola Gouvènè a, Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an gen ladan finansman pou pwojè wout ak pon yo ki ap fèt nan Rejyon Lwès New York, ki gen ladan:

- 12.5 milyon dola pou renouvle pave yo ki nan komin Cheektowaga, West Seneca, Elma, ak Marilla.
- 7.3 milyon dola pou fè reyamenajman nan pon Route 394 ki sou wout ray Rejyon Lwès New York ak Penn nan komin Poland.
- 7.3 milyon dola pou renouvle pave yo ki sou Route 219, Komin Carrollton.
- 4.4 milyon dola pou fè reyamenajman branch wout ki ale sou pon Route 93 ak 425 sou branch lès nan 12 Mile Creek, Komin Porter ak Wilson.

### **Pwogram Asistans pou Otowout Lokal CHIPS la (CHIPS Local Highway**

**Aid Program):** Bidjè a ap bay 46.0 milyon dola nan finansman pou wout ak pon lokal yo ki nan Rejyon Lwès New York yo atravè pwogram CHIPS la.

### **Pwogram Èd pou Otowout Lokal PAVE NY (PAVE NY Local Highway**

**Aid Program):** Bidjè a ap bay 10.5 milyon dola nan finansman pou wout ak pon lokal yo ki nan Rejyon Lwès New York yo atravè pwogram PAVE NY la.

**Asistans pou Operasyon Transpò (Transit Operating Aid):** Bidjè a ap bay 58.6 milyon dola nan finansman pou NFTA nan Ane Fiskal 2020 an, yon ogmantasyon 5.1 milyon dola nan Ane Fiskal 2019 lan.

### **Envesti yon 150 Milya Dola Adisyonèl nan Pi Gwo Pwogram Enfrastrikti nan**

**Nasyon an:** Konfòmeman ak angajman san presedan Gouvènè Cuomo te pran pou envesti 150 milya dola nan pwojè enfrastrikti yo pandan senk pwochèn ane yo, kòmanse apati Ane Fiskal 2020 an, pwojè kapital sa yo pral kòmanse rekonstwi sistèm transpò yo, ankouraje devlopman ekonomik, kreye nouvo enstalasyon ekolojik yo, epi sipòte avni enèji dirab New York la.

### ***Kontinye ak Estrateji Soti Anba Monte Anlè pou Devlopman Ekonomik New York***

**Kontinye ak Investisman Buffalo Billion:** Eta a te dedike 50 milyon dola pou revitalize Bò Lès Buffalo a. ESD te travay ansanm ak Vil Buffalo pou devlope yon pwogram enklizif ki sible kominote a pou deplwaye Fon Devlopman Ekonomik Koridò Bò Lès (East Side Corridor Economic Development Fund) sa a. Finansman an pral sible pou gen ladan: (1) yon Inisyativ Lari Prensipal Bò Lès yo (East Side Main Streets); (2)

sipèvizite nouvo devlopè ki baze nan kominote yo pou ede nan devlopman ak reyalizasyon pwojè; (3) yon fon prezèvasyon batiman pou pwoteje epi prezève estrikti istorik yo ki genyen nan Bò Lès la pou reyitilizasyon nan fiti yo; (4) yon kowezyon ki apwopriye pou devlope Koridò Eritaj Ameriken Afriken Michigan Avenue a, ansanm ak finansman kapital pou modènizasyon ak amelyorasyon nan batiman yo; (5) investisman nan resous kle yo nan Bò Lès la; (6) finansman pou pwojè dirèk; ak (7) amelyorasyon nan enfrastrikti ak kreyasyon espas yo. Yo antisipe ke investisman ekstèn adisyonèl yo, ki soti patikilyèman nan fondasyon charitab lokal yo, pral sipòte priyorite kominotè konplèmantè yo, ansanm ak pwogramasyon pou ajoute kapasite.

**Investi 750 Milyon Dola pou Nevyèm Faz Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils, REDC):** Nan 2011, Gouvènè Cuomo te etabli 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo pou devlope plan devlopman ekonomik stratejik alontèm. Depi lè sa a, REDC yo te akòde 6.1 milya dola bay plis pase 7,300 pwojè. Nouvo estrateji sa a te mennen 230,000 nouvo oswa travay yo te konsève nan New York. Bidjè Egzekitif la gen ladan l finansman pou kapital ak kredi taks prensipal yo ki pral konbine ak yon bann varyete pwogram ki egziste deja nan ajans yo pou nevyèm faz sibvansyon REDC te akòde a ki vin antou 750 milyon dola.

**Investi nan Kominote yo Atravè Eta a Apati Katriyèm Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative):** Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ap transfòme katye sant vil yo pou yo tounen kominote dinamik kote pwochèn jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay ak elve fanmi yo. Dis REDC Eta yo baze sou potansyèl transfòmasyon sant vil sa yo pou yo nonme kominote k ap patisipe yo. Atravè twa faz prim yo, yo te bay chak kominote gayan yo 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman stratejik pou sant vil yo epi reyalize pwojè katalizè enpòtan yo pou fè vanse vizyon pou revitalizasyon kominote a. Bidjè Ane Ane Fiskal 2020 an gen ladan 100 milyon dola pou yon katriyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la.

**Lanse Yon Lòt Faz nan NYSUNY 2020 ak NYCUNY 2020:** Pou ajoute sou reyisit pwogram Sibvansyon Defi NYSUNY 2020 ak NYCUNY 2020, Bidjè a gen ladan 110 milyon dola pou lanse yon nouvèl faz sibvansyon. Yo pral bay priyorite a plan ki itilize teknoloji yo pou amelyore reyisit akademik, pou byen itilize patenarya piblik-prive yo, epi konekte etidyan yo pi byen ak mendèv lan.

**Kontinye ak Inisyativ Devlopman Ekonomik yo:** Bidjè a ap kontinye ak sipò pou divès pwojè, ki gen ladan 1 milyon dola pou Sant Ekselans nan Byoyenfòmatis ak Syans Lavi nan Buffalo (Buffalo Center of Excellence in Bioinformatics and Life Sciences), 1 milyon dola pou Sant Ekselans nan Materyèl Enfòmasyon nan Buffalo (Buffalo Center of Excellence in Materials Information), 960,600 dola pou Sant pou Teknoloji Avanse nan Gwo Done ak Syans Sante yo (Center for Advanced Technology in Big Data and Health Sciences) nan University of Buffalo, ak 100,000 dola pou Canisius College pou Hockey NCAA.

**Kontinye fè Investisman nan Sektè Touristik la:** Bidjè a gen ladan 59.5 milyon dola pou sipòte kanpay touristik Eta a epi atire vizitè ki ap soti toupatou nan mond lan.

Pwogram lan gen ladan yon setyèm faz 15 milyon dola nan finansman konpetitif atravè inisyativ Market NY la pou sipòte plan ak pwojè komèsyalizsyon touristik ki pi byen demontre kolaborasyon rejyonal ant konte yo pou pwomouvwa atraksyon rejyonal yo. Sektè touristik la se katriyèm pi gwo sektè anplwa nan New York.

**Pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la (New York State Grown and Certified):** Bidjè Egzekitif la kontinye sipòte inisyativ Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la. Yo konsevwa pwogram sa a pou ranfòse konfyans konsomatè yo genyen nan pwodwi Eta New York yo, reponn a pwoblèm etiketaj pwodwi alimantè yo, epi ede fèmnye New York yo pou yo ka pwofite de demann ki ap ogmante pou bon jan kalite pwodwi alimantè lokal yo. Depi apre lansman li an 2016, pwogram lan te sètifye plis pase 2,386 fèm, sa ki reprezante plis pase desan mil ekta tèren agrikòl.

**Taste NY:** Lanse an 2013, Taste NY te mete aksan sou epi ankouraje acha pwodwi alimantè ak bwason yo te pwodwi nan New York yo. Inisyativ Taste NY la te pwouve ke li se yon siksè enkwayab nan elve vizibilite bon jan kalite pwodwi alimantè ak pwodwi agrikòl New York yo. Pou ajoute sou siksè yo te atenn an 2018 la epi kontinye konekte pwodikè New York yo ak nouvo mache yo, Bidjè Egzekitif la ap envesti 6.5 milyon dola pou agrandi pwogram Taste NY la nan nouvo sant akèy yo toupatou atravè Eta a.

### ***Asire Yon Bon Jan Kalite Edikasyon pou Tout Moun***

**Ogmantasyon Asistans Edikasyon pou 1 Milya Dola:** Plis pase 70 pousan nan ogmantasyon ane sa a ale jwenn distrik lekòl ki gen gwo nesesite yo, epi pote kantite total fonansman pou edukasyon yo rive 27.9 milya dola. Bidjè Eta Ane Fiskal 2020 an ogmante Èd pou Lekòl nan Rejyon Lwès New York la de 72.9 milyon dola, ki gen ladan yon ogmantasyon 43.6 milyon dola nan Aistans Fondasyon (Foundation Aid), pou yon ogmantasyon total 3.10 pousan.

**Enfrastrikti Edikasyon Siperyè:** Rejyon Lwès New York pral resevwa 35.2 milyon dola nan finansman kapital pou mentni ak modènize etablisman edukasyon siperyè SUNY li an yo.

**Frè Eskolè Gratis nan Inivèsite Piblik yo:** Anviwon 55% oswa plis pase 15,600 etidyan a tan konplè ki nan yon pwogram inivèsite premye sik ki te enskri nan inivèsite piblik yo nan Rejyon Lwès New York yo gen frè eskolè gratis atravè Bous Etid Excelsior la ansanm ak lòt sous asistans finansye pou etidyan yo ki gen ladan Pwogram Asistans pou Frè Eskolè (Tuition Assistance Program, TAP) jenere a.

## **JISTIS SOSYAL**

### ***Pwomouvwa Jistis Kriminèl Pou Tout Moun***

**Refòm Jistis Kriminèl:** New York ap kontinye ak angajman li te pran pou gen yon sistèm jistis krimèl ki pi ekitab ak enklizyon refòm nou pral site la yo nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an:

- **Refòm Kosyon ak Pwosedè Arestasyon yo Pou Redwi Anprizònman Prevantif:** Nan kad lejislasyon revolisyonè nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an, sistèm kosyon New York la pral transfòm dramatikman, sa ki ap redwi yon fason konsiderab kantite moun ki anprizone avan jijman yo. Pi presizeman, yo pral elimine kosyon ak lajan kach yo pou deli minè yo ak enfraksyon ki pa vyolan yo, ansanm ak yon nouvèl obligasyon pou ke ofisye lapolis yo bay tikè konparasyon nan biwo yo bay laplipa moun ke yo akize pou deli minè ak enfraksyon Klas E yo, olye de fè yo arestasyon prevantif. Ansanm, refòm sa yo pral asire gwo majorite- apeprè 90% - nan ka kote moun yo akize, men poko kondane pou yon krim, ap rete andeyò prizon avan jou pa yo nan tribinal.
- **Asire Dwa a yon Jijman Akselere:** Malgre prensip ki garanti nan Konstitisyon Etazini ak Lwa Eta yo, dwa yon akize kriminèl pou yon jijman akselere kapab – epi sa rive souvan - tounen yon pwosesis ki long anpil sa ki mennen a moun ki nan detansyon prevantif, pou yon peryòd tan eksèsif. An mwayèn, de tyè nan moun ki nan prizon lokal yo atravè eta a yo senpleman arete ap tann jou pa yo nan tribinal. Reta sa yo fè yon enpak reyèl paske moun, ke yo poko jwenn koupab de okenn move zak, souvan pèdi travay yo ak lyen yo nan kominote a. Pou adrese enjistis sa a epi redwi rejis dosye kriminèl yo, Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an enkli lejislasyon ki egzije tribinal yo pou ogmante responsabilite yo pandan ke y ap redwi reta ki pa nesèsè yo epi asire ke tout pati yo prepare pou jijman an.
- **Transfòmè Pwosesis Dekouvèt lan:** Pou remanye pwosesis dekouvèt antikite New York lan ki pèmèt pwokirè yo retire evidans bazik yo jiska jou lè jijman an kòmanse a, pwojè lwa a ki enkli nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an pral mande pou toulède pwokirè yo ak moun yo akize yo pataje tout enfòmasyon ki an posesyon yo byen alavans jijman an. Yo pral pèmèt moun ki akize yo tou gen opòtinite pou revize kèlkeswa evidans ki an posesyon pwosè a anvan yo plede koupab pou yon krim. Yo pral egzije pwokirè yo pou founi defans lan ak enfòmasyon ak materyèl ki kapab dekouvri nan yon delè 15 jou apre lekti akizasyon yo. An plis, pwojè lwa a pral asire ke viktim yo ak temwen yo pwoteje kont entimidasyon ansanm ak lòt fòm kontrent yo nan bay pwokirè yo kapasite pou fè petisyon devan yon tribinal pou jwenn òdonans pwotektris, pwoteje enfòmasyon sou idantifikasyon yo lè sa nesèsè pou asire sekirite temwen yo ak sentete pwosè jidisyè a.

## **JISTIS POU TOUT NOUYÒKÈ**

### ***Pwoteje Bon Jan Kalite Swen Sante nan yon Pri Abòdab***

**Transfòmè Swen Sante:** Bidjè a kontinye sipòte aktivite transfòmasyon k ap fèt nan sistèm swen sante a yo, pami yo:

- Enstiti Kansè Pak Roswell la (Roswell Park Cancer Institute, RPCI): Bidjè a mentni 103 milyon dola pou sipòte RPCI.

- Pwogram Finansman pou Restriktirasyon Kapital la Capital Restructuring Financing Program (yo te pwomilge nan Bidjè Ane Fiskal 2015 lan): Yo te akòde Rejyon Lwès New York la 41.95 milyon dola nan sibvansyon pou sipòte lopital rejyonal yo.
- Pwogram Pwofesyonèl Swen Sante Esansyèl la (Essential Health Care Providers Program) (yo te pwomilge I nan Bidjè Ane Fiskal 2016 la): Yo te akòde Rejyon Lwès New York la 113.8 milyon dola nan sibvansyon pou sipòte lopital rejyonal yo.
- Iye Faz Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante Onivo Eta a (Statewide Health Care Facility Transformation Program I) (Yo te pwomilge nan Bidjè Ane Fiskal 2017 la): Yo te akòde Rejyon Lwès New York la 10.7 milyon dola nan sibvansyon.
- Iye Faz Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante Onivo Eta a (Statewide Health Care Facility Transformation Program II) (Yo te Pwomilge nan Bidjè Ane Fiskal 2018 la): Yo te akòde Rejyon Lwès New York la 47 milyon dola nan sibvansyon.

**Vyeyès:** Bidjè a ap investi 15 milyon dola onivo eta a pou reponn a bezwen kapasite sèvis sipò Biwo pou Vyeyès Eta New York la (New York State Office for the Aging, NYSOFA) yo idantifye onivo lokal yo, ke Ajans sou Vyeyès nan Zòn konte a yo jere yo, kote y ap sible bezwen granmoun aje yo pou prezève koneksyon kominotè yo epi evite plasman enstitisyonèl chè yo. Envestisman sa a pral lakoz 1.9 milyon dola adisyonèl nan finansman pou founisè kominotè Rejyon Lwès yo. Bidjè a otorize tou, dapre opsyon konte a, kapasite founisè sèvis yo ofri yon sèvis prive peye pou sila ki ka peye yo nan yon efò pou amelyore prestasyon sèvis atravè reyenvestisman revni sa yo.

**Kodifye Lwa sou Swen Abòdab lan (Affordable Care Act, ACA) ak Echanj Sante a pou Vin Lwa:** Pandan Washington ap kontinye menase detwi pwogrè istorik ke nou te fè ak Lwa sou Swen Abòdab lan, kodifikasyon pwovizyon ACA kle yo ak Echanj Sante Eta New York lan (New York State Health Exchange) pou vin lwa pou asire ke kèlkeswa sa ki rive onivo federal, pwovizyon kle sa yo pwoteje nan Eta New York.

### ***Lite pou Mete Fen nan Epidemi Opyoyid la***

**Finansman pou Konbat Kriz Opyoyid la:** Bidjè a mete apeprè 10 milyon dola disponib pou reponn a kriz dwòg ewoyin ak opyase yo nan Rejyon Lwès New York. Yo pral itilize finansman sa a pou sipòte yon bann pwogram tretman, ki gen ladan twa kriz, 16 pwogram rezidansyèl, nèf pwogram pou pasyan konsiltasyon ekstèn yo, ak de (2) pwogram tretman pou opyoyid, ansanm ak yon Sant Tretman pou Toksikomani Eta ap Jere (State-Operated Addiction Treatment Center). Pwogram sa yo gendwa ofri konsèy sikolojik endividyèl ak an gwoup, tretman alèd medikaman, sèvis edikasyonèl, jesyon ka, evalyasyon pwofesyonèl, ak fòmasyon pou konpetans pwofesyonèl, preparasyon pou anplwa, parantaj, ak konpetans sosyal ak konpetans lavi kominotè.

**Agrandi Aksè a Biprenòfin:** Biprenòfin se yon avansman enpòtan nan Tretman Alèd Medikaman yo (Medication Assisted Treatment, MAT), ki, menm jan ak metadòn ak

naltreksòn enjektab la, yo itilize l melanje ansanm ak konsèy sikolojik kòm yon mwayen apwopriye pou ede moun atenn epi mentni rekiperasyon yo soti nan Twoub Izaj Opyoyid (Opioid Use Disorder). Pou agrandi itilizasyon biprenòfin lan, Gouvènè Cuomo pral bay Depatman Sante a (Department of Health) lòd pou yo egzije tout lopital nan eta a yo devlope pwotokòl pou Depatman Ijans yo abòde pwoblèm Twoub Izaj Opyoyid la sou baz nòm swen pou tretman oswa referans pou tretman ki an vigè yo. Bidjè yo Adopte a entèdi tou plan sante yo egzije otorizasyon preyalab pou Tretman Alèd Medikaman.

**Agrandi Aksè a Tretman Alèd Medikaman yo (medication assisted treatment, MAT) nan Milye Jistis Kriminèl yo:** Bidjè yo Adopte a gen ladan li 4.75 milyon dola, yon ogmantasyon de 1 milyon dola, pou sipòte tretman alèd medikaman nan prizon lokal yo epi byen itilize fon federal yo pou agrandi MAT nan twa (3) lòt etablisman Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision). Pwogram efikas sa yo pral sipòte prizonye ki ap rekiperè yo epi mete yo an kontak ak sèvis ki baze sou kominote yo anvan yo lage yo, sa ki ap ogmante chans siksè yo ak redwi residivis.

**Fè Tretman Twoub Itilizasyon Sibstans Plis Aksesib:** Bidjè yo Adopte a fè tretman plis aksesib ak abòdab pa egzije estanda minimòm kouvèti plan sante yo; entèdi refi tretman ki nesèsè sou plan medikal yo; entèdi plizyè ko-peman pa jou epi egzije ke ko-peman sante konpòtmantal yo egal ak ko-peman swen sante primè yo. Chanjman sa yo elimine fado administratif ak depans ki ka bloke tretman pou moun New York yo k ap lite ak depandans.

### ***Asire Èd pou Gouvènman Lokal yo***

**Sipòte Gouvènman Lokal yo:** Mentni 212.3 milyon dola pou sipòte minisipalite Rejyon Lwès New York la yo gras a Èd ak Ensitasyon pou pwogram Minisipalite yo ak lòt pataj resèt ankò.

**Mentni Èd Enpak Tiraj Osò Videyo Tèminal la:** Mentni 1.2 milyon dola nan Èd Enpak Tiraj Osò Videyo Tèminal la (Video Lottery Terminal Impact Aid) pou minisipalite Rejyon Lwès New York la yo.

**Mentni Kredi Taks Responsabilizasyon Sitwayen an:** Mentni 515,799 dola nan Kredi Taks Responsabilizasyon Sitwayen an (Citizen Empowerment Tax Credits) pou finansè disolisyon sèt vilaj yo.

**Ofri Èd pou Vil Jamestown:** Ofri 1.0 milyon dola nan èd pou Vil Jamestown.

**Asire Gen Asistans pou Katastwòf Disponib:** Bidjè a kontinye disponibilite Fon Etablisman Eta ak Minisipal yo pou pwojè rekonstriksyon ki anrapò ak inondasyon Lak Ontario a yo.



**Sipòte Pwogram Asistans Lwaye Riral la (Rural Rental Assistance Program, RRAP):** Bidjè yo Adopte a ofri asistans lwaye pou plis pase 900 inite lojman revni fèb pou lokatè riral nan Rejyon Lwès New York la.

**Sipòte Pwogram Prezèvasyon Katye ak Riral yo (Neighborhood and Rural Preservation Programs, NPP/RPP):** Bidjè yo Adopte a gen ladan plis pase 2 milyon dola pou Pwogram Prezèvasyon Katye a ak Pwogram Prezèvasyon Riral la pou sipòte gwoup kominotè san bi likratif ki bay asistans lojman yo, aktivite renouvèlman kominotè yo, ak sibvansyon lwaye nan rejyon Lwès New York.

### ***Kontinye Lidèchip Anviwònmanal New York la***

**Agrandi Investisman Nan Enèji Renouvlab:** Kòm yon pati nan Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo a, ajanda enèji pwòp ak travay k ap mennen nan nasyon an pral mete eta a sou chemen pou 70% enèji renouvlab apati 2030 ak 100% elektrisite ki san kabòn apati 2040, Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an agrandi wòl Otorite Enèji New York la (New York Power Authority) pou bay kliyan li yo sèvis enèji renouvlab ak enèji efikas.

**Investi nan Dlo Pòtab Ki Pwòp:** Bidjè pou Ane Fiskal 2020 an pral investi yon 500 milyon dola adisyonèl nan enfrastrikti pou dlo pwòp yo, ki ap ajoute sou investisman 2.5 milya dola istorik Eta a.

**Entèdi Itilizasyon Sachè Plastik yo:** Bidjè yo Adopte a gen ladan pwojè lwa pou entèdi sachè plastik ke yo itilize yon sèl fwa yo ke yo te bay kliyan yo epi pèmèt konte ak vil yo fè tranzisyon nan yon frè senk (5) santim sou sachè papyè yo, ak 40% revni ki ap sipòte pwogram lokal yo pou ka achte sachè ke yo ka reyitilize pou konsomatè ki gen revni fèb ak revni fiks yo, ak 60% revni ki ap sipòte pwogram ki nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta yo.

**Renouve Finansman Rekò pou Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la:** Bidjè yo Adopte a gen ladan finansman rekò 300 milyon dola, ki se pi wo nivo finansman nan istwa pwogram nan.

**Pak Eta yo:** Pwogram New York Works la pral gen ladan 110 milyon dola pou renove pak eta yo, sa k ap kontinye enfizyon nan dola kapital pou pak New York yo.

**Investisman Enfrastrikti DEC yo:** Yo atribiye 55 milyon dola pou Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) pou yo kontinye finansman inisyativ Adventure NY la pandan y ap reponn a yon bann varyete bezwen kapital ki gen ladan: pwojè aksè piblik yo pou konekte chasè yo, pechè aliy yo, obsèvatè zwazo yo ak lòt a pasyone anplennè yo ak tèren ineksplwate Eta posede yo. Nouvo finansman sa a pral bay lajan pou investi nan reparasyon sanitè ak sekirite enfrastrikti Eta yo, ki gen ladan baraj yo, retablisman tèren marekaj yo, tèren Eta yo, kouvez pou pwason yo ak lòt enfrastrikti Eta a yo.

**Fon Pwoteksyon Anviwònman:** Bidjè yo Adopte a gen ladan finansman rekò 300 milyon dola pou EPF, ki se nivo finansman ki pi elve nan istwa pwogram lan. Apwopriasyon yo gen ladan 38 milyon dola pou pwogram dechè solid yo, 88 milyon dola pou pak ak aktivite lwazi yo, 153 milyon dola pou pwogram espas lib yo, ak 21 milyon dola pou pwogram rediksyon ak adaptasyon chanjman klimatik la.

**Zou, Jaden Botanik, ak Akwaryòm yo (Zoos, Botanical Gardens, and Aquaria, ZBGA):** Bidjè yo Adopte a gen ladan 16 milyon dola pou ZBGA toupatou atravè eta a pandan ane 2019-20 an. Byenke yo poko ka detèmine prim sibvansyon ZBGA yo pou ane 2019 la, an 2018, zou, jaden botanik ak akwaryòm Rejyon Lwès yo te resevwa apeprè 1 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan pwogram sa a:

- Buffalo and Erie County Botanical Gardens Society, Inc.
- Sosyete Syans Natirèl Buffalo a (Buffalo Society of Natural Sciences)
- Sosyete Audubon Jamestown lan (Jamestown Audubon Society)
- Fondasyon Akwaryòm Niagara a (Niagara Aquarium Foundation)
- Pfeiffer Nature Center and Foundation Inc.
- Zoological Society of Buffalo, Inc.

**Pak Minisipal yo:** EPF yo te pwopoze epi yo adopte a gen ladan tou 19.5 milyon dola pou Pak Minisipal atravè tout eta a yo pou ane 2019-20 an. Byenke yo poko detèmine prim sibvansyon yo pou ane 2019 la an 2018, enstitisyon ak lokalite Rejyon Lwès ki annapre yo te resevwa plis pase 1.9 milyon dola sibvansyon ki soti nan pwogram sa a:

- Sosyete Kawousèl Fwontyè Niagara a (Carousel Society of the Niagara Frontier)
- Buffalo Niagara Freedom Station Coalition, Inc.
- Springville Center for the Arts, Inc.
- Legliz Episkopal Sen Lik la (St. Luke's Episcopal Church)
- Chautauqua Watershed Conservancy, Inc.
- Vil Lackawanna
- Western New York Land Conservancy, Inc.
- Vil Eden
- Konsèvasyon Lanati (The Nature Conservancy)

Nan 12 premye semèn sesyon lejislatif la, Eta New York te fè pwogrè istorik ak adopsyon reyalizasyon revolisyonè sa yo:

- Lwa Sou Sante Repwodiktif (Reproductive Health Act)
- Lwa sou Kouvèti Kontrasepsyon Global lan (Comprehensive Contraception Coverage Act)
- Pwojè Lwa Siyal Alam lan (Red Flag Bill)
- Te Entèdi Bump Stock yo
- Te Pwolonje Peryòd Datant Pou Verifikasyon Antesedan Kriminèl yo
- Te Lanse Nouvo Akò Ekolojik la
- Te elimine Echapatwa LLC yo
- Te Senkwonize Eleksyon Federal ak Eta yo

- Pre-anrejistreman pou minè
- Vòt Antisipe
- Transfè Anrejistreman Inivèsèl
- Te Pwopoze Vòt Pa Korespondans San Eskiz
- Te Pwopoze Pou Moun Enskri Menm Jou Eleksyon an
- Lwa sou Viktim ki Timoun yo (Child Victims Act)
- Lwa sou Non-Diskriminasyon Poutèt Ekspresyon Sèks la (Gender Expression Non-Discrimination Act)
- Te Entèdi Terapi Konvèsyon
- Te Entèdi Pòno Revanj
- Lwa sou Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal yo (Domestic Violence Survivors Justice Act)
- Ranfòse Pwoteksyon Pou Alètman nan Milye Travay

###

Lòt nouwèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)